Соколёнок

6/2015
ноябрь - декабрь

# Лачен

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



ГIаишат Малачиева

# ЦIияб сон

БачIун лъикI, рештIун лъикI, баракатаб сон,
Сахал пикрабигун, канал ишалгун.
Щвараб лъикI, ЦIияб сон, цIараб гIужалда,
ЦIиял анищалгун, цIиял къасдалгун.
ЦIиял мурадазде нилъ рачинелъун,
Чучарал ургъелал бигьалъизелъун.
ИнчIого чIолареб унеб соналда
Унгеян гIадада гьарун щибизе.
ЩвечIого гIолареб ЦIияб соналда,
ГIедегIунгейилан абунго щайзе.
НуцIби къирун, рокъой лъугьа, ЦIияб сон,
ЦIияб хъизамалда хъазан гьализе,
Разилъарал берал кунчIизаризе,
ЧIалгIен гIураб талихI гIагар гьабизе.



## КВАЧАЙ ХИНЛЪИЗАБУЛА

Нижер авалалдаго
Аваданлъи рештIуна,
Радал къватIир рахъингун,
Хъван балеб гIазу батун.
ГIазуречIчIи хIазе ниж,
АхIи бан, данделъула,
ГIазулъги герегахъдун,
Квачай хинлъизабула.

## ГIАЗТIА БАТАРАБ РОХЕЛ

Разиял лъималазда
ГIазтIа батараб рохел,
ЦIорол хъештIерабазда
Гъазие бугеб ракIгъей.

## ХАСЕЛ ХАНЛЪУДА БУГО

Зобалаз тIину рагьун,
Рахнаца гIазу хъвана,
ЦIорол кавабазда къирун,
Къуватал гьурал пуна,
Севералде буссараб
Хасел ханлъуде ккана,
Ихалъ мугъ боркьизегIан
Тахида гIодоб чIана.



# Хаслихълъи нахъе гъуна



Хасел хIакимлъун ккедал,
Хаслихълъи нахъе гъуна,
Ихги рииги доре
РикIкIаде хъамун ана.
Бакъул хинлъи дагьлъана,
Лъарал, гIорал кьижана,
Макьу гьечIел гьуразул
Гьалагаб щцин бахъана.



# ХIанчIи квачалел руго



Квачарал хIанчIи руго
ХIулабиги хичун чIун,
Ракъун хIайванал руго
Рохьор квен балагьулел.
ГIицIго квачIалгьетI буго
Гьанже рукIниб гъапуллъун,
Цогидаб рухIчIаголъи
ЛъалкIачунеб – гIаздатIа.



# БахIарал гIадин къачIан

НакIкIигъветI, къачIади щиб,
ГIаздал гурдеги ретIун,
РицIцIигъветI, дур чIухIи щиб,
ЦIорол кIилкIалги далун!
БахIаралгIан берцинлъун
Цо течIого рохьигъветI,
ЦIулкIулукIазул маххал
ЦIваби кинигин кунчIун!

# ССОГIЛЪИ ГЬЕЛЪИЙ ЩУН БУГО



ХIатIал квачан, катитIинчI
Корохъе буго бачIун,
Мугъ биччараб къадкитIинчI
Къадада буго лъалхъун.
Хасалил гурхIел гьечIо,
Гьелъул тIанчIи гьечIелъул.
ХъачIлъи гьелъ босун буго,
СсогIлъи гьелъий щун буго.

# ЧАКМАБИ КЪВАРИГIИНА

Хасалил ругьел буго
Гьуралгун, цIергун щвелин,
Гьелъ хIинкъи кьолеб буго
Кьвари лъазабилилан.
ХIатIалгIицI – гIанкIил тIанчIий
Чакмаби къваригIина.
ТолохIоч - гвангваялъе
КъвалалгьечI хIажалъила,
КвачIалгIиссин – гIондокьий
КвертIаххелал ритIила.
ТIимугъберцин – гIужрукъий
ТIагъур букъизе ккела.





МухIамад ГIабдулхIалимов

# Кинабго дур





ТIоцебесеб дур рагIи
«Дада, дада!» букIана,
Дада цIакъ вохана дур,
Дуда жив лъалев вугин.

ИнчIо гIемерал къоял –
«Эбел, эбел!» абуна –
Эбелги цIакъ чIухIана
ЧIороло кIалъанилан.

Хадуй мун чIирчIидана
ХIикматаб цо мацIалда,
ХIайранлъизе, хагазе
Киналго нижги гьарун.

Цингиги гьимана мун,
Хадур - кверал ритIана
«Дирго - диран» абуна
Берда бихьарабщинаб.

КъотIноб бугеб кето – дур,
Катида цадахъ тIинчI – дур,
ТIолго гьал «дудутIал» - дур
Дир гьайбатай ясакIо.

Гьаб тIолго дуниял дуй,
ТIаде ралъадалги дуй,
Ралъдал тIинда рахчарал
ТIолго жавгьаралги дуй.

Кинабго дуй, тIолго дуй
ГIицIго гIодуге, ГIашат.
Кинабго дуй, тIолго дуй
ГIезе, дадал, кIудияй.

# ТIоцебесеб гали

Жакъа дуца тIамуна
ТIоцебесеб цо гали,
ТIоцебесеб, гьайбатаб,
ГьитIинай дир ГIаишат.



Жакъа дуца тIамуна
ГьитIинабго цо гали,
Хадуб цойги, цо чанго –
КIудияб гIумруялде.

ТIамуна хIалицаго,
ХIинкъадго, тарталаго,
Танкан гIодойги ккана –
КверчIван тIаде яхъана.

Метер цоги тIамила
Сезе анцIго тIамила,
ТIогьол расалъиялде
РещтIина бакъ гьекъезе.

Гьайбатай дир ясикIо,
Дир дахIалай ГIаишат,
Дир гIумру цIи гьабурай
БагIармеседил цIумур.




***

«ПатIимат, ПатIиматин»
АхIана Аварагас,
Бищун досий хирияй
ТIоцеесей ясалде.

«ПатIимат, ПатIиматин»
АхIана цо шагIирас,
Щиб гьелдаса цогиги
Берцинаб цIар кколебан.

Гургинал чIегIербералъ
Бихьула гвангъун дунял,
Даруяб гьимиялъулъ –
Гьайбатлъи гIумруялъул.

Мун хIажат йикIарай куц
Дурго яц ГIайшатие,
Янгъизаб тIегь гIадинан
ГIолей йикIанин жийго.

**Мусабег МухIамадов,**
*ГIахьвахъ район, КIаратIа росу*

# ДИР КIАРЧАМАБ КАТИТIИНЧI



Дир кIарчамаб катитIинчI –
ЦIодораб рухIчIаголъи,
Жиб борчIун бугониги,
Гъоркьан дихъги балагьун.
Буго пахруго бегун.
 Бусен гьалъ бакIаричIо,
Бер-кIалгицин чуричIо,
ЧанцIулго ахIаниги,
Агъазги дир гьабичIо.
- Унтунищ бугеб? – илан
Дица квер бахъарабго
«Нахъе босе дур гьаб!» - ин
Бан бачIана кверда квачI.
Квералда би бихьидал,
Бахъун бачIана тIаде,
ТIокIаб гьабиларилан
Лъурлъудана бохдузда,
Мун тIасалъугьайилан.
Гьардолеб бугеб гIадин,
БетIер гIодобе къулун,
МутIигIго мимидана,
Дица тIад квер бахъана,
Рекъел лъазе гьабуна...
Боха-хинлъун гьеб цIодор,
ЦIабуцIун, нахъе ана.
КватIичIого «чанахъан»
ГIункIкI кIалдиб ккун бачIана.
Бихьулищ дир гьунарин,
Гьеб дида цебе лъуна.
Жибго гIонкIкIохъ балагьун,
Борхун бетIергун чIана.

# ГIанкIитIинчIалъул кечI

Дида – гIанкIитIинчIалда
Рохьил закон лъикI лъала:
Сордо рагьде щвелалде
Цоги хIалтIи жибго тун,
КIудияб рахайги бан,
НуцIа щула гьабила.
Гьанже нижер рокъоре
Хъачагъал лъугьинаро,
ЛъикIго рахан бугелъул
БацIалги кIанцIиларо,
ЦIиркъалги рорчIиларо.
Къаси цурдул рачIани,
Гьезулги ургъел гьечIо.
Гъарим кеторузилги
Сапар битIун ккеларо,
РогьинегIан нуцIихъ чIун,
ЧIобого гьеб буссина.
Свакан буго дун жакъа,
ЖахIабго тела хIалтIи,
ТIокIаб ургъел гьечIого,
Эбелалда къвал жемун,
РахIаталда кьижила.



# ЦIеялъ хъазан кьолона



ЦIеялъ хъазан кьолона,
ДегIен хурибе ана,
БачIина гьелъ хъапуста,
Картошка, ламадур, пер.
Ракъун ругел буртIазе
БукIина тIагIамаб квен,
Киналго роха-хинлъун
Цадахъ лъугьун кванала.
ЛъугIидал, авлахъалда
БуртIалги расандила.



**Анварбег Култаев**



# Дарман



БагIарараб къо букIана. Мурад ахикь хIухьбахъулев вукIана. Кукамги кванан, тIаде гIемераб лъимги гьекъана гьес. Къаси кватIараб гIужалъ гьесул чехь унтизе байбихьана. Эбел макьидаса йорчIизайизе ккана. Эбелалъ, чехь лъухьун, Мурадил унти дагьабго секьизабулаан, гьавугьин кьижунги ккун, нахъеги рахIат хварав гьев, добго чохьол унтиялъ макьу тIуризабун, тIаде вахъине кколаан.

Радалго рахъун, васги эбелги тохтирасухъе ана.

- Сордо рогьинегIан лъикI гьечIого вукIана вас, - абун бицана эбелалъ тохтирасда.

- Щиб дуца кванан букIараб? – ан гьикъана гьес Мурадида.

- Чай гьекъана, хIан, гьан, цинги кукан-ги кванан букIана, - ян бицана гьес.

- Кукан гIурччингойищ букIараб?

Кинаб жаваб гьабилебали лъачIого, Мурадица гъуждул рукIкIинаруна.

- КигIан кукамха дуца кванараб?

- ГIе-ме-ераб!

- БарщичIого кукам кваназе бегьуларо. Гьеб кидаго ракIалда чIезабе дуца! – ян лъазабуна тохтурас ва цо кинабалиго дару кьуна. – Кинабго лъикI букIине буго, амма жакъа къо инегIан щибго кваначIого чIезе кколаха мун.

Рокъоре унелъул нухда Мурадида жиндирго вацги мадугьал ГIалиги добго гIурччинаб кукам кваналел ратана.

- БарщичIеб кукам кваназе бегьуларо! – абун ахIана гьес лъималазде.

- Нижеца гIеч кваналеб буго! – ян абуна гьез.

- ГIечги гIурччинго кваназе бегьуларо! – ян лъазабуна Мурадица, тохтирас гIадин, гьаракьги борхун.

- Дур кIалдиб бугеб щиб? – ан гьикъана лъималаз, цо батIаго кIалъалев вугев Мурадида.

- РикIкIкьогIаб даруха, гьудулзаби, - абун мацIалтIа бугеб бащдаб дару бихьизабуна гьес лъималазда. – Дие гьаб тохтирас кьуна, дида киданиги барщичIеб пихъ кванaзе бегьулареблъи ракIалдаса инчIого букIине! – ян бицана Мурадица.

# ГЬАБИХЪ



Нижер росу бакьулъ буго гьобо. Щибаб къоялъ радал гIадамаз гьаказдаги, машинабаздаги, мотоциклаздаги тIощел баччула гьенибе, ханжуялъе ххинеги боцIуе кIалцIуе гъуризабизеги.

Дие бокьула гьабихъеги ун, мугьал ханжуялде сверулеб къагIидаялъухъ балагьун чIезе. Иццухъан лълъим гIадин, берцинго чваххун бачIуна гьеб гьиразухъе.

Гьабигьабаз тIатIала сокIкIуна ханждалги цIун, хъапал. Цинги рачIун, жиде-жидер бетIергьабаз рокъо-рокъоре росун уна гьел.

Дир эменги гьабигьан ккола. Щибаб сордоялъ кватIун, свакан, амма разиракиго вачIуна гьев рокъове.

Инсуца бачIараб цIияб ханждал эбелалъ къад чед бежула, къасиялде гьесие бищунго рокьулел хинкIал гьарула.

Щиб лъалеб, кIудияв гIедал, эменго гIадин, дунгоги вахъине бегьула гьабигьанлъун.

# Мадугъалихъ мисалияв



Мурадил эбелалъе ахикьги пастIанийги хIалтIи-пишаялда йикIине бокьула. Гьениб камураб нигIматги букIунарелъул. Кьерухъе регарал кIвахIалал хъаб-хъалги гьенир, тIамхазда гъоркь рахчарал охце-ралги гьенир, бакъукь жалго роркьулел ругел гIубилал пастIаналги, чарал хъарпузалги – бараката бахча буго гьезул. Цо-цо мехалъ эбелалъ Мурад витIула жинцаго гIезабураб нигIмат цогиязе щвезабизеги. ТIоцебесев абуни, Казинат-кIодое щвезабула гьеб. Гьей ккола Ногъаялдаго цIар машгьурай гIадан: рагъулги захIматалъулги ветеран. ГIумруялъ гьей хIалтIана дояркалъунги, гьабуна вехьлъи-гицин. Гьанжейин абуни гьей херлъунги янгъиз-гоги хутIун йиго. Цаби-гIусалги гьелъул цониги хутIун гьечIо.

КIодое цIакъ рокьула хъарпузалги пастIаналги. Мурад вихьаравго гьей йохун лъугьуна:

- Баркала, дир гьитIинкI, баркала! Би-цеха, лъил бугеб нужергIан лъикIаб пастIан? Ахгияли нужер жибго алжан гIадаб буго. БетIергьанас нужее сундулъго икъбал кьеги! – абун гьарула гьелъ щибаб нухалъ.

Разилъун, ракIрегьун вуссуна Мурад рокъове ва гъираялда эбелалъе ку-мекалъе лъугьуна.

Юсуп МухIамадов

# Тохтирасде

Дур адаб, хIеренлъи хIалае чIедал,
ХIалкIолъи цIикIкIуна гьал дарабазул.
РетIараб халгIатгIан ракI хъахIав дуца
Хъамуна гIузраби дирги чорхолъа.




Гьаб дуниялалъул тIолго берцинлъи
Дуца рагьараб куц гьал дир беразе.
ХутIараб гIумрудул мурадалъулъги
МагIна бессараб куц гIаданлъиялъул.

ГIамал сахалщинал сахлъизаризе
Сахлъи бищун цебе дуе гьарула.
Гьунар тIокIалщинал рази гьаризе
Махщелги тIоцебе дуе гьарула.









ЦIакъго цебе заманалда цо шагьаралда гIумру гьабулев вукIанила ратIилил устар. Цо нухалъ гьесухъе гурде букъеян гьарун, мукъсанабго ххамги босун вачIанила цо чи. Устарас щиб гьабунги, гьеб ххамил гурде гIезабунила. Ххамил бетIергьанасин абуни, баркалаялъул бакIалда щаклъи загьир гьабунила:

- Дие гурде букъун хутIараб ххам, дуегойищ тараб? – ан гьикъанила гьес.

Устарасда квеш бихьанила гьев баркала гьечIев чиясул рагIи. Киналго цого гIадал рукIун ругин гьаб шагьаралъул гIадамалилан, гьениса нахъе ине хIукму кканила гьасул.

Унев, унев вукIаго, данде кканила цо хIалакъаб таращ.

- ВорчIами, хIурматияв вукъарухъан! Киве унев вугев? – ан гьикъанила тарщица.

- Унев вуго, кигIан ракIбацIцIадго хIалтIаниги, багьанаби камуларел гIадамалги тун.

- Огь, гьай, ратIилил устаря, диргоги бугебха дурго гIадаб къварилъи. Бихьуларищ дир хIалакълъиги рухIдакълъиги. Киб ккарабги, лъие ккарабги ками диде бугъула киназго. Дида гьадин гIумру гьабизе кIоларо. Баче дунги дуда цадахъ. Цадахъ ругони, нилъее лъикI букIине буго, - ян гьаранила тарщица.

- ЛъикI буго, рилълъаха цадахъ рукIинин кIиялго! – ян разилъанила ратIлил устар.

Унел, унел рукIанила гъел цадахъ. Данде кканила ци.

- Кире нуж унел ругел? – ан цIеханила цица.

Биცанила гъаз цида жидерго сапаралъул мурад.

- Диегиха, гъудулзаби, нужеего гIадаб къварилъи бугеб. БацIица хъамунщинал чахъабазулги рохьдолъа камунщинал гIачиязулги гIайиб диде рехула. Бокьун гъечIо дие, гIайибго ккечIого гIайибияблъун рикIкIине. Баче дунги нужедаго цадахъ!

- Щибилеб, рилълъининха цадахъ, - ан абунила гъес.

Анила, анила ал лъабалго цадахъ. Щванила цо рохьил рацIцIалъуде. Сверухъ хал-щал гъабидал, гъениб жидеего хъош базе пикру кканила гъазул.

Байбихьанила хIалтIизе. Бан, бахъун чIезабунила гъаз хъощ.

Устарги таращги цадахъ рохьоре цIулатIе анила. Ци хIалтIи-пишаялда рокъобго танила.

Цо заманалдасан бугилаха бачIине богIоло.

- Мун гъаниб щибулеб? – ан гъикъанила гъелъ цида.

- Щибха гъабилеб, нижерго хъощги цIунун, цIетIа хьагги лъун бугоха! – ян жаваб кьунила цица.

БогIолоялъ, тункун циги гIодоб речIчIизабунила, хъощнибеги кIанцIун, кинабго цоцахъ банила, беканила, бихханила. БогIоло къватIибе гъезеян лъугьаниги, гьелъие цидул къуват гIечIила. ЛъикIго циги буха-бацIун, анила богIоло нахъе. ЧIарбидеги ккун, угьи-агьиялда циги хутIанила.

ЦIуладаса руссун, рачIанила таращги ратIлил устарги. Хъощниб бугеб гIала-гъважаги, гIодоб ккун бугеб циги бихьун,

- ЩибгIаги гъалъие ккараб? – абун гъикъа-бакъанила гъез.

- ЩибгIаги ккечIо, - абун гIенеккун чIанила ци. БогIолоялъ жиб буха-кIутIанилан бицине нечанила гьеб.

Нахъисеб къоялъ ци бачанила гъас рохьобе цIулатIе. Таращги рукъалъул тIалаб-агъазалда танила.

НуцIихъги чIун, хъаравуллъуда букIанила таращ. Бугилаха бачIинеб богIоло, рохьобго хъуйги бахъинабулаго, кинабго сверухълъиги гьаргьазабулаго.

- Мун гъаниб щиб гъабулеб? – ан гъикъанила богIолоялъ.

- Нижерго хъощги цIунунха! – ян абулеб букIанила тарщица. РачIчIги ккун, таращги анила гьелъ хьуризабун, жибгоги лъугьанила хъощнибе, минатахъ банила къайи-цIаги, цIобтун гъуранила кодобе щванщинабги. Анила богIоло тIадбуссун.

ХIалицаго хъощнибеги хъурщун бачIун, гурхIараб хIалалъ, зигардулеб таращги букIанила. РачIанила тIадруссун къайицадахъал.

- ЩибгIаги гъаниб ккараб? – ан ахIи банила гъез.

- ЩибгIаги ккечIо, – ян абизе хIалбихьанила тарщица, бегаралъуса бахъинеги кIвечIого.

КинабгобичIчIаралгъалмагъзабиги руцIухIун чIун ургъулел хутIанила.

- Жакъаселъ нуж кIиялго а цIул бакIаризе, - ян абунила устарас.

Циги таращги рохьорехун ралагьун анила, гъавги хъощги цIунун, хъаравуллъуда чIанила. Гъадил хъалал гъабун, лалу пулев, гьоркьо-гьоркьоб кечI ахIун, жиндиего ракIгъей гъабулев вукIанила гьев.

БачIанила рохьоса къватIибе лъугьун богIоло.

- Мун гъанив щиб гъабулев? – ан гъикъанила гьелъ.

- КучIдул ахIун, кеп гъабулев, - ин абунила гьес. «Гъа, мунищха доб букIараб, нижер хъощнибе балагь тIамураб залим?» - абун кантIанила устар.

- Диеги бокьун буго кечIги ахIизе, кепги гъабизе! Гъабе диеги гъединабго лалу! – ян лъазабунила богIолоялъ.

- Лалу гъабизени бигьаяб иш бугоан,

гьадил хъал гьечIого бугоха дир.

- Кисаха щолеб? – ан тIаделъанила богIоло.

- Дида цадахъ билълъа, - ян гIащтIиги босун, рохьобе бачанила гьес богIоло. Рохьоб бищунго биццатаб бихьун гьадил гъветIги бищун, ххаласа гьебги хъвалхьун, кьватIалихъе гьелъул квачIалги къазарун, гIащтIи нахъе бахъанила гьес. Цинги килщалги чIинтIизарунила гьелъул.

- Гьанже бицея, щай дуца нижер хъощнибеги кIанцIун, гьадаб балагь бачараб? Кинабго гъура-чункун бараб гIечIого, нижер квен-лъимги кванан-гьекъон, чIикIа-рикIун тIагIинабураб? Дир цидукги таращги щай буха-кьабураб?

-Дицагуро! Дицагуро! – янахIдолаго гIодулеб букIанила богIоло.

- Гьадабщинаб гIала-гъважа бекьараб гIечIого, тIаде гьерсалги рицине лъалеб бихьула гури дуда! – абун, цIцIалаца бацIанила устарас богIоло.

- Бухуге дун! Биччан те! ГурхIа дида! – абун гьардолеб, гIергIелеб букIанила гьеб.

Гьеб ахIи-хIуралъухъе рекерун рачIанила таращги циги.

- ГурхIа, рахIму гьабе! Биччан те дун! – ан магIид бецIцIулаго гьардолеб букIанила богIоло. – ТIокIалъ кидаги нужер хъощ бихьулеб бакIалдецин къаларо! – ян рагIи кьунила гьелъ.

Биччан танила богIоло гьез. Анила гьеб тIурун, жинда кIвараб хехлъиялда.

- Нижедасаха доб богIоло, додигIан цIакъ хIинкъараб! – абун, гьечIеб рецц жидеего гьабизе лъугьанила таращги циги. – Мунго цохIо лъугьун, дуда гьеб къезабизе кIвезе букIинчIо, - абун чIухIдаранила гьел.

Гьезулгун дагIбаги гьабичIого, устарас сихIру ургъанила:

- Вабабай, гьанжеги бачIунеб бихьуларищ богIоло, жиндирго боги хадуб гьабун! - илан ахIанила гьес, гордухъа къватIивеги валагьун.

ХIинкъиялъ риххунккарал таращги циги рахърахъалде лъутун анила. Устарги, жиндирго хъощнив паракъат гIумру гьабулев вукIанила.

Лъанила сверухъ ругел росабазул гIадамазда, лъикIав ратIлил устар жидер мадугьалихъ рещтIун вукIин. РачIине байбихьанила гьесухъе ретIел букъеян гьарун чагIи. Лъиего инкар гьабичIого – чIахIиязеги гIисиназеги букъулев, лъутIулев, къунцIулев вугила устар. ХIалтIи гьечIого гьев кидаго хутIуларила. Кьолеб мухьалде тIадеги, разилъарал гIадамазул баркалабиги гIемер щолила гьесие.





*Рисунок А. Шарыпова*

# РАГЪ

**Рагъ гIассияб жо букIин**

**Киназего якъинаб,**
**«Рагъалъ васал кьоларо,**
**Кьуралги рахъун уна».**
**Гьелъ цIакъ ракIал лъукъула,**
**Лъимал бесдал гьарула,**
**Лъади къорол гьаюла,**
**Улбул гIодизарула.**
**Нижей рагъ  бокьун гьечIо,**
**Рагъуца дунялалда**
**Балагь гIемер бекьула,**
**Шагьаралги риххула,**
**Росабиги чIунтула.**
**Рекъел биххизабуге,**
**Лъимадул рохел чIваге,**
**Нижей талихI букIине,**
**Берцинго те дуниял!**

*Мадина МухIамадова, Балахьуни школалъул 7 «б» классалъул цIалдохъан.*

**МухIамад ХIасанов**

# Тилла дие тIатана

БетIер, рачI халатазул
Рехъен буго гIемерлъун, -
ГIалил дневникалда
КIийилазул гьарзалъи.
ГIаламат, гьал щуйилал
Васгун барщун чIун руго.
КIигIан цIехолданиги
ГIиллаги батуларо.
ТIатана дие гIилла,
ТIахьал гьас таралдаса,
Тана лъикIал къиматаз,
ЛъикIав вукIарав ГIали.



# ГъветI



КIудица рагьда чIараб,
КIодоца лъим тIун, гIолеб,
Дир бетIералъул тIоноцI
ТIамхаца беэдулеб,
ТIогьиве валагьидал,
РекIелъ хIеренлъи толеб,
ХIасратаб гIаламалъе
ГIумрудул рахIмат кьолеб,
Гьале дир азбаралда
Беричаб гьединаб гъветI,
Гьурщун, дие пихъ кьолеб,
Гьогьмой рагIад гьабулеб.

# ЦIваби

МагIарда гIи гIадинан,
Зоб цIун рукIарал цIваби,
Рогьалил хъахIлъи лъайгун,
Лъутун ана, тагIана.
Кире цIваби тIагIарал,
Лъица цIваби рикъарал,
Бакъуцадай къулчIана,
Рокъоредай тIурана?

# Радал цудунго вахъа

Рогьалилъ тIаде бахъун,
ГIегIедана хIелеко,
ХIажил макьуги бикъун,
Бакъалде бахъана гьеб.
Хьибилги хисулаго,
ХIелкида цциңги бахъун,
Нахъеги къандалъода
Лъуна гьудулас бетIер.
ХIажил кIвахIаллъиялда
КIал гьикъулеб кинигин,
Гьесул горда гъоркьги чIун,
ГIегIедана нахъеги.
Гьев тIаде вахъинчIелъул,
ЧIухIадго гьелъ абуна:
Къаси цудунго вега,
Радал цудунго вахъа!





Соколёнок

ISSN№0203 - 3682

# Лачен

6/2015

сентябрь октябрь

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

Учредитель:
Правительство Республики Дагестан.

Журнал зарегистрирован федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций.
Регистр. номер ПИ №ТУ5-0025
от 21 мая 2009 г.

Издается с января 1980 г.

Главный редактор
Мурад Ахмедов

Редколлегия:
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
Т. ЗУРГАЛОВА (ответ. секретарь)
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ
А. МАЛАЧИЕВА (редактор выпуска)

Худ. редактор З.Даганов
Тех.редактор Т. Лузина
Художник номера З. Даганов
Художник обложки А. Качаев

Выход в свет 13.11.2015 г.
Тираж 1344экз.
Заказ № 144

Типография: ООО «Издательство «Феникс пресс».
Адрес типографии: 367018, РД, г.Махачкала, ул. Петра I, 61.

Редакция и издатель: Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и «Литературный Дагестан»

Адрес редакции и издателя: 367025, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

Аварский язык
Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.